

Umugambi wa Electrify Your Fleet Program

Incamake y'umugambi

Ishirahamwe rijejwe gutwara ibintu n'abantu riranezerejwe no kumenyesha itanguzwa ry'umugambi wa Electrify Your Fleet Program mu ntumbero yo gutera intege ikoresha ry'imodoka zikoresha umuyagankuba hamwe no kugabanya ingaruka zijanye n'ihindagurika ry'ibihe ku modoka z'ubudandaji, iza reta, hamwe n'izamashirahamwe adaharanira inyungu. Uyu mugambi w'uturusho uzofasha abikorera ivyabo mu kubaha uburyo bw'amafaranga kugira bashobore guhindura imodoka zifise imoteri zinywa igitoro (ICE) bazisubirize imodoka zikoresha umuyagankuba (EVs) canke mu kugabanya ukwiyongera kw'imodoka zinywa igitoro mu modoka bakoresha . Bifashishije uturusho twa reta zunze ubumwe, utwa reta, hamwe n'utwigoro two gufasha mu bijanye no gukoresha imodoka zikoresha umuyagankuba, abatunze imodoka bavyemerewe barashobora kuronka amahirwe yo kuziganya ibihumbi vy'amadorare mu guhitamwo gukoresha imodoka zikoresha umuyagankuba.

Kwemererwa

Uyu mugambi wo gutanga impano y'amadorare \$500,000 uraboneka ku bantu batunze imodoka zikoresha mu budandaji, iza reta, hamwe n'izamashirahamwe adaharanira inyungu muri reta yose, hisunzwe abaje imbere y'abandi.

Udushimwe tuzatangwa biciye mu buryo bwo gusubizwa amadorare ashika kuri \$2,500 kuri buri modoka inywa igitoro isubirijwe canke yirinzwe ku rugero ntarengwa rw'utwigoro two kworoherezwa rwa 20 rwemewe kuri buri modoka mu gihe uyu mugambi uzomara . Imodoka z'amashirahamwe adaharanira inyungu zitwara abantu n'ibintu zifise ivyangombwa vya Vermont zemerewe utwigoro two gufashwa dushika kuri 5 zihabwa amadorare \$5,000 yinyongera gushika ku twigoro 15 ku giciro shingiro c'amadorare \$2,500.

Iyi nfasanyo y'amafaranga ishobora gutangwa mu gihe co kugura canke gukotesha imodoka ikoresha umuyagankuba (PEVs) canke mu gihe wahisemwo ibindi bikoresho vyemewe muri ivyo harimwo ikinga rikoresha umuyagankuba, ikinga ritwara ibintu rikoresha umuyagankuba, ikinga rishobora guhindurwa rigakoresha umuyagankuba, ipikipiki ikoresha umuyagankuba, canke ibikoresho vyo kugenderako mu rubura bikoresha umuyagankuba.

Uwusaba kwemererwa ategerezwa kwerekana ko imodoka ihawe infashanyo izofasha mu kugabanya imyuka ihumanya ikirere.

Imodoka zose ziguzwe canke zikoteshejwe biciye muri iyi nfishanyo y'uwu mugambi zitegerezwa kuba zifiswe n'uwusaba kwemererwa mu gihe kingana n'imiburiburi n'amezi (24) kandi utwigoro dufadika dutegerezwa gukorwa kugira hagurishwe izi modoka ku bakora akazi ko kugurisha ama modoka bitabiriye mu mugambi wa MileageSmart Program, abemerewe uturusho tw'umugambi wa Vermont ku modoka zakoze.

Gusaba kwemererwa

Mu gusaba kwemererwa mu mugambi wa Electrify Your Fleet Program, abafise ama modoka bategerezwa kwuzuza ifishe ku ngurukanabumenyi . Ugusaba kwemererwa bizosuzumwa na komite igizwe n'abakozi b'ishirahamwe ryo gutwara ibintu n'abantu. Hanyuma abasaba kwemererwa bazohamagarwa biciye mu buhinga bwa screening call kugira bamenyeshwe ko bemerewe kandi batange ivyangombwa bisabwa. Abasaba kwemererwa bose baratwe intege zo kwihweza mu bwitonzi iri menyesha ry'amahirwe y'infashanyo (NOFO), amabwirizwa y'umugambi, hamwe n'ivya nkenerwa vy'inyongera bihari kugira bifashe mu gushigikira hamwe no gufasha mu twigoro two gukoresha imodoka zikoresha umuyagankuba ku rubuga rw'[Ishirahamwe rijejwe gutwara ibintu n'abantu](#).

*Mu gihe **utavuga ururimi rw'icongereza** kandi ukeneye gufashwa mu bijanye n'ubusiguzi, urasabwa kwakura abakozi b'ishirahamwe rijejwe gutwara ibintu n'abantu uciye kuri email kuri AOT.climate@vermont.gov kugira ushobore guhamagarwa n'abajejwe ibikorwa vy'ubusiguzi hamwe no gusobanura bahawe akazi na reta. Urasabwa gutanga izina ryawe, inomeru ya terefone, hamwe na adereshe ya email kugira dushobore kuguhamagara tubicishije k'umusiguzi mu gihe c'amasaha y'akazi saa 8:00 imbere ya saa sita –gushika 4:30 inyuma ya saa sita.*